

Si ou te rate yon odyans

Si ou pa reponn yon sitasyon nan dat odyans la, oswa avan sa, w ap resevwa yon desizyon pa lapòs ki jije ou te vyole akizasyon an otomatikman epi ou gendwa oblije peye yon amann ki pi wo.

Si ou resevwa yon desizyon ki jije otomatikman ou an tòn, ou gen de (2) opsyon:

- Peye penalite a ak nenpòt lòt penalite ou kapab te genyen.

..... OSWA

- Mande yon lòt odyans.

Pou mande yon nouvo odyans, ou DWE soumèt li ak fòm *Demann pou yon Nouvo Odyans* apre ou pa te Prezante OATH ki disponib nan nyc.gov/oath/missedhearings oswa tout biwo OATH Hearings Division. W ap jwenn enstriksyon sou fason pou depoze demann lan nan fòm nan oswa sitwèb OATH la.

Jeneralman, ou kapab mande yon nouvo odyans sèlman yon fwa pou chak sitasyon ou otomatikman an tòn. Si OATH Hearings Division te resevwa demann ou pou yon nouvo odyans nan espas 60 jou apre dat ou te rate odyans la, OATH pral otomatikman aksepte demann ou a san ou pa bezwen bay yon eksplikasyon poukisa ou te rate odyans ou a.

Bronx

3030 Third Avenue
Bronx, NY 10455
Monday – Friday
8:00am – 5:00pm

Brooklyn

9 Bond Street, 6th & 7th Floor
Brooklyn, NY 11201
Monday - Friday
8:00am – 5:00pm

Manhattan

66 John Street, 10th & 11th Floor
New York, NY 10038
Monday – Friday
8:00am – 5:00pm

Staten Island

350 Marks Place, Main Floor
Staten Island, NY 10301
Monday – Friday
8:00am – 5:00pm

Queens

31-00 47th Avenue, 3rd Floor
Long Island City, NY 11101
Monday – Friday
8:00am – 5:00pm

144-06 94th Avenue, Main Floor
Jamaica, NY 11435
Monday – Friday
8:00am – 5:00pm

1-844-OATH-NYC (1-844-628-4692)



Fidel F. Del Valle

Manm Komisyon ak Jij Prensipal pou Lwa Administratif
OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS
nyc.gov/oath



TRIBUNAL LAJISTIS
ADMINISTRATIF ENDEPANDAN AK
SAN PATIPRI NAN VIL NEW YORK

OATH Hearings Division se yon Tribinal Lajistis Endepandan ki tande ak decide sou ka ki gen zafè sitasyon ajans lapolis Vil New York yo te bay. OATH separe ak ajans ki bay sitasyon yo.

Sant Èd la

Gen yon Sant Èd nan chak biwo OATH Hearings Division. Sant Èd la bay asistans ak resous pou ede moun ki pa gen avoka pou reprezante yo prepare pou odyans yo. Nou ede moun ki pa genavoka pou reprezante yo:

- Konprann akizasyon ki kont yo.
- Aprann dwa jiridik yo.
- Aprann sou pwosesis OATH la.
- Konprann kijan pou ou reprezante tèt ou, konteste yon desizyon, oswa sa pou ou fè si ou rate yon dat ou te gen yon odyans.
- Jwenn resous jiridik, kote moun yo akize a kapab chèche lwa ki gen rapò ak ka yo a.

Ou pa bezwen yon randevou. Ou kapab vini nenpòt lè avan dat odyans ou a, jou odyans la menm, oswa apre odyans la. Epi tou ou kapab kontakte Sant Èd la nan HelpCenter@oath.nyc.gov

Odyans ou a

Si ou resevwa yon sitasyon, ou kapab patisipe nan yon odyans OATH pou konteste akizasyon yo. Odyans la se chans ou pou prezante bò pa ou nan ka a.

Ou dwe prepare ak tout sa w ap bezwen pou pwouve ka ou, tankou nenpòt temwen, dosye jiridik oswa ofisyèl, foto, oswa lòt dokiman. Hearing Officer k ap tande ka ou a pral evalye sèlman prèv oswa deklarasyon temwen yo ki la pandan odyans la.

Odyans OATH yo pa fòmèl. Ou gendwa reprezante tèt ou, oswa si ou vle peye pou yon, pran yon avoka oswa moun ki pa avoka pou reprezante ou.

OATH ofri sèvis entèprèt gratis fas a fas ak a distans.

Pran yon lòt dat

Si ou vle chanje dat odyans ou a, rele 1-844-628-4692, ale sou entènèt nan nyc.gov/oath/reschedule, oswa vini fas a fas nan nenpòt biwo Hearings Division pou pran yon lòt dat pou odyans la. Chak moun kapab mande pou chanje dat la yon sèl fwa.

Admèt / Regleman

Si ou pa vle prezante pou yon odyans epi sitasyon ou gen an yon penalite yo te voye pa lapòs, ou kapab admèt ou koupab pou sitasyon an epi peye penalite a pa lapòs, sou entènèt, oswa fas a fas nan nenpòt biwo Hearings Division. Answit, si ajans lapolis la ofri ou yon regleman, ou kapab aksepte regleman an san ou pa prezante nan yon kontestasyon.

Odyans a distans

Ou kapab konteste sèten sitasyon sou entènèt, pa lapòs, oswa nan telefòn, oswa ak wèbkam nan dat odyans la oswa avan sa. Si sitasyon ou a di ou “Dwe Prezante,” ou dwe prezante fas a fas pou sitasyon ou a.



Yon Odyans sou Entènèt pèmèt ou konteste sitasyon an ak yon fòm senp sou entènèt nan nyc.gov/oath/hearingonline. Si ou vle gen yon Odyans sou Entènèt, ou dwe soumèt fòm nan bay Hearings Divisyon nan dat odyans la oswa avan sa.



Yon Odyans nan Telefòn pèmèt ou konteste sitasyon an kote ou di yon Hearing Officer nan telefòn poukisa ou panse li dwe anile akizasyon nan yon sitasyon. Ou kapab rele OATH Remote Hearings Unit nan **(212) 436-0777 avant dat odyans la pwograme a pou pwograme Odyans nan Telefòn ou a.**



Yon Odyans nan Videyo (Wèbkam) pèmèt ou konteste sitasyon an kote ou di Hearing Officer a sou videyo oswa wèbkam poukisa ou panse yo ta dwe anile akizasyon nan sitasyon an. Ou kapab rele OATH Remote Hearings Unit nan **(212) 436-0777 avant dat odyans la pwograme a pou pwograme Odyans nan Videyo ou a. Y ap voye yon lyen pou odyans la pa imèl.**



Yon Odyans pa Lapòs pèmèt ou konteste sitasyon an kote ou voye yon defans ekri bay OATH Hearings Division ak kourye nòminal. Si ou vle fè yon Odyans pa Lapòs, ou dwe voye lèt defans ou a nan adrès ki anba la a avan dat odyans sou sitasyon an. Ou gendwa mete lòt dokiman pou sipòte ka ou a.
OATH Remote Hearings Unit
66 John Street, 10th Floor
New York, NY 10038

Pou konteste yon desizyon yo pran nan yon odyans

Aprè odyans ou a, OATH Hearings Division pral ba ou desizyon an oswa voye li pa lapòs. Si ou pa dakò ak desizyon an, ou kapab depoze yon kontestasyon.

Ou DWE itilize fòm kontestasyon OATH la ki disponib sou entènèt nan nyc.gov/oath/appeal oswa tout biwo Hearings Division pou soumèt kontestasyon ou a. W ap jwenn enstriksyon sou fason pou depoze yon kontestasyon nan fòm nan oswa sitwèb OATH la.

OATH Hearings Division DWE resevwa kontestasyon ou a nan lespas 30 jou aprè dat desizyon an, oswa 35 jou aprè yo te voye desizyon an ba ou pa lapòs.

Medyatè a

Medyatè a la pou asire pwosesis pou pran desizyon OATH la jis ak transparan kote li reponn kesyon sou pwosedi OATH yo, regle pwoblèm, mennen ankèt sou plent, ak aji sou sijasyon sou fason pou amelyore OATH.

Pou kontakte Medyatè a pase nan nenpòt biwo Sant Èd oswa voye yon imèl bay Ombudsperson@oath.nyc.gov